# «Аязий билимданлары» анықланды. Олар кимлер?

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (52 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (52 KB)




**Пайтахтымыздағы «Жаслар орайы»нда «Аязий билимданлары» атамасында жас китапқумарлар таңлаўы болып өтти. Таңлаўда он үш оқыўшы төрт басқышта беллести.**

Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры И.Юсуповтың исмин мәңгилестириў, шайырдың шығармаларын үгит-нәсиятлаўды буннан былай да кең ен жайдырыў, жас қәлемкешлерди, талант ийелерин қоллап-қуўатлаў мақсетинде Өзбекстан Жаслар аўқамы Қарақалпақстан Республикалық Кеңеси тәрепинен шөлкемлестирилген таңлаўда районлық, қалалық басқышта жеңимпаз болған оқыўшылар қатнасты.

– Бүгинги таңлаўдың сораў-жуўаплар басқышында албырадым, шайыр атамыздың шығармаларын сүйип оқыған менен өмир жолы ҳаққында еле де көбирек керек екенлигин түсиндим, – дейди алыс Тахтакөпир районы 6-санлы мектептиң 8-класс оқыўшысы Ҳүрлиман Жолдасбаева.

Таңлаў жуўмағында 1-орынға пайтахтымыздағы И.Юсупов атындағы мәмлекетлик қәнигелестирилген улыўма орта билим бериў мектеп-интернатының 9-класс оқыўшысы Смайлов Абдирашит, 2-орынға хожелиши Гөззал Жумамуратова, 3-орынға Кегейли районынан Гүлшада Кеңесбаева мүнәсип табылды.

Еслетип өтемиз, илаж Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2017-жыл 12-январьдағы «Китап өнимлерин басып шығарыў ҳәм тарқатыў системасын раўажландырыў, китап оқыўды ҳәм китапқумарлық мәдениятын арттырыў ҳәм үгит-нәсиятлаў бойынша комиссия дүзиў ҳаққында»ғы бийлигиниң орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде шөлкемлестирилген.

Жеңимпазларға диплом ҳәм баҳалы саўғалар тапсырылды.

**Қарақалпақстан хабар агентлиги**

Sa'ne: 24.05.2018 10:25, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'